



Fason pou Pale Avèk Doktè Ou ak Ekip Swen Kansè Ou

Bon komunikasyon enpòtan lè ou fè pati nan yon ekip. Fason ou kapab pale avèk ekip swen kansè ou se yon pati kle pou resevwa swen ki pi bon pou ou.

Ou pral gen yon ekip moun ki resevwa fòmasyon k ap ede ou kontwole kansè ou. Ekip sa a pral gen ladan doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante tankou enfimyè pratisyen (NP) asistan doktè (PA), famasyen, , travayè sosyal, enfimyè klinik oswa enfimyè kimyoterapi, teknisyen, asistan medikal, dyetetisyen, ak navigate pasyan. Yo chak gen wòl pa yo, epi si ou poze yon kesyon yo pa kapab reponn, y ap konnen kimoun ki kapab ede ou.

Ki kantite enfòmasyon mwen vle konnen?

Kèk moun ta vle konnen anpil enfòmasyon sou kansè yo paske yo santi yo gen plis kontwòl sou sa k ap pase lè yo konnen tout eleman yo. Yo ta vle konnen anpil enfòmasyon ak detay sou swen yo.

Lòt moun pa ta vle aprann twòp enfòmasyon alafwa epi yo ka santi yo estrese oswa akable akòz detay yo. Kèk moun ta pito kite doktè yo pran pifò desizyon yo. Fè ekip swen kansè ou konnen sa ki travay pi byen pou ou.

Poze kesyon yo

Li enpòtan pou se oumenm ki pou sonje kalite swen ak tretman w ap resevwa a. Si ou aprann kichòy sou kansè ak fason doktè kapab trete li sa kapab ede ou pran desizyon sa yo avèk doktè ou.

Pa pè poze kesyon. Anpil doktè ap rete tann ou pou poze kesyon, men ou ka pa menm konnen kesyon pou poze yo. Li fasil pou bliye kesyon ou vle poze yo, poutèt sa ekri kesyon yo pandan ou sonje yo epi pote yo lè ou prale nan randevou yo.

Men kèk kesyon moun poze souvan sou kansè:

- Ki kalite kansè mwen genyen?
- Ki gwochè kansè mwen an ye? Ki kote li ye? Èske li simaye nan lòt pati yo nan kò mwen?
- Èske mwen pral bezwen fè yon byopsi oswa lòt tès?
- Ki tretman ou sijere pou mwen?
- Kimoun ki ta ban mwen tretman sa a?
- Èske gen lòt tretman ki ta ka ede mwen?
- Ki medikaman mwen pral pran? Pou kisa yo la?
- Ki ak efè segondè ki genyen nan chak tretman?
- Kijan mwen pral santi mwen ye pandan tretman an?
- Èske gen efè segondè oswa siy iregilye mwen dwe fè ou konnen touswit?
- Kisa ki kapab fèt konsènan efè segondè yo?
- Ki pi bon moman pou mwen rele ou si mwen gen yon kesyon oswa yon pwoblèm? Avèk ki rapidite mwen kapab espere pou rele mwen ankò?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon pwoblèm grav lè klinik ou fèmen?
- Èske mwen ta dwe jwenn yon dezyèm pwendvi? Avèk kimoun?

Ekip swen kansè ou ta dwe pran kesyon ou yo oserye? Yo ta dwe vle konnen enkyetid ou yo epi yo pa ta dwe fè ou mache-prese. Si yo pa reponn nan fason sa a, fè yo konnen.

Konsèy pou sonje sa ekip swen kansè a ap di ou

Li difisil pou sonje tout sa yo di ou nan chak vizit. Sa ap ede ou si ou kapab ale avèk menm moun nan chak fwa. Moun nan kapab fè ou sonje kesyon ou vle poze yo epi li kapab ede ou sonje sa yo te di ou.

Asire oumenm oswa moun ki avèk ou a ekri sa ou aprann nan randevou ou yo. Si ou ta vle, mande doktè ou oswa lòt manm ekip la si yo dakò pou anrejjistre konvèsasyon ou.

Si ou bezwen plis detay, di yo sa. Pafwa, manm ekip swen kansè a itilize mo ki difisil pou konprann. Si ou pa konprann yon bagay, mande yo pou eksplike ou li. Sa ka ede ou mande deskripsyon, dokiman enprime, sitwèb oswa lyen ki mennen nan vidéyo, oswa lòt bagay ou kapab gade lè ou rive lakay ou.

Lè ou resevwa enstwiksyon yo, ekri yo. Asire ou konprann yo anvan ou kite klinik la. Answit swiv yo egzakteman. Pa gen pwoblèm pou rele klinik doktè a si ou gen plis kesyon pita.

Jwenn doktè ki bon pou ou

Relasyon ou avèk doktè ou enpòtan, epi chak moun gen fason pa yo pou kominike ak fason pa yo pou bay enfòmasyon. Se rezon sa a ki fè pi bon doktè pou yon

moun ka pa byen apwopriye pou yon lòt moun. Kèk moun vle gen yon doktè k ap bay enfòmasyon yo nan yon fason ekspè ak pwofesyonèl. Yo pa espere doktè a ap vin zanmi yo. Lòt moun yo vle gen yon doktè yo kapab santi yo alèz avèk li. Eseye chèche konnen sa ou bezwen, epi fè doktè ou konnen.

Si ou vin gen pwoblèm kominikasyon, pale sou pwoblèm yo avèk doktè ou. Montre ou onèt konsènan enkyetid ou yo ak souwè ou yo. Si ou pa kontan avèk relasyon ou, pa gen pwoblèm pou chanje doktè yo. Fè doktè ou konnen desizyon ou pran yo ak rezon pou sa. Mande doktè ou pou ede ou vanse swen ou avèk lòt doktè a.

Se ekip swen kansè OU

Ou se yon manm enpòtan nan ekip swen kansè ou. Ekip la ap konte sou ou pou vin yon patnè aktif. Sa vle di ale nan vizit yo nan klinik la, pan medikaman yo selon preskripsiyo yo, fè ekip ou konnen nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou genyen, reponn kesyon yo, poze kesyon pa ou, epi ede yo pran desizyon konsènan swen ou.

Oumenm ak moun pa ou yo se sèl moun ki kapab deside sa ki pi bon pou ou. Li ta ka pran tan pou aprann fason pou vin yon manm ekip aktif, men ou ka sezi pou wè fason oumenm ak moun pa ou yo ap vin yon manm aktif nan ekip la.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org**. Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE
©2021, American Cancer Society, Inc.
No. 0044.96-Rev.11/21
bbb.org/charity

